

Rezime Jeneral sou Klas Katriyèm Ane

Matematik

- **Nan klas katriyèm ane, elèv yo ap** itilize kat operasyon ak nonb antye pou rezoud pwoblèm.
- Familiarize avèk faktè e miltip.
- Devlope ak analize modèl yo.
- jeneralize konpreyansyon sou pozisyon nimerik pou nonb antye ak plizyè chif.
- Itilize pozisyon nimerik ak pwopriyete operasyon yo pou pèfòme aritmetik ak plizyè chif.
- Elaji konesans sou aranjman ak ekivalans fraksyon.
- Fè fraksyon apati de inite fraksyonè.
- Konprann notasyon desimal pou fraksyon ak konpare fraksyon desimal.
- Rezoud pwoblèm ki gen mezi ak mezi konvèsyon.
- Reprézante ak entèprete done yo.
- Konprann konsèp sou ang ak mezire ang.
- Desine ak idantifye li yak ang epi klasifye fòm yo dapre pwopriyete liy ak ang yo.

Kominikasyon Oral/Ekri

Nan klas katriyèm ane, elèv yo ap:

- Li literati ak tèks edikatif ki nan nivo klas avèk konpreyansyon
- Itilize fonetik ak teknik analiz pou detèmine mo ki pa familye nan lekti ak redaksyon.
- Aprann li awotvwa kòrèkteman epi avèk ekspresyon.
- Aprann teknik pou kòmansman rechèch.
- Itilize detay enpòtan ak ekspresyon ki gen ide ak santiman pou ekri sou evènman, topik ak opinyon.
- Elaji konesans yo sou konsèp majiskil, ponktyasyon ak règ vokabilè nan redaksyon.

KÒMAN MWEN KAPAB PRAN AVANTAJ SOU KANÈ A POU EDE PITIT MWEN?


Kanè ki baze sou estanda ofisyèl yo bay enfòmasyon detaye sou fason pitit ou ap travay nan chak matyè. Ou pral wè si elèv yo bezwen plis asistans nan kèk domèn oswa lè yo menm bezwen jwenn travay ki pi difisil pou yo fè. Pandan n ap itilize estanda ki klèman defini, pwofesè ak paran yo kapab travay ansanm pou asire elèv yo reyisi. Pandan reyinyon paran-pwofesè yo:

- Mande pou wè modèl travay pitit ou te fè, pale ak pwofesè a pou w mande si echantiyon travay li te fè yo satisfèzan oswa mande kòman pitit ou ta kapab travay pi byen ;
- Mande pou resous ki disponib nan chak matyè pou w kapab ede pitit ou reyisi oswa atenn objektif edikatif li.

Yo fè kanè yo pou yo kapab kominike ak paran yo; kanè yo dwe itil epi fasil pou konprann. Si ou gen kesyon oswa pwoblèm konsènan kanè lekòl oswa sijesyon pou nou kapab fè kanè a pi fasil pou konprann, tanpri, kontakte pwofesè pitit.

Yon gid pou
Paran sou
Kanè nan Nivo
Elemantè

Klas Katriyèm Ane



KESYON MOUN POZE PI SOUVAN SOU KANÈ KI BAZE SOU ESTANDA OFISYÈL YO

KISA NOSYON FONDAMANTAL FLORID YO YE?

An 2014, Florid te adopte yon seri objektif aprantisaj nan matematik ak kominikasyon ora/ekri ki pi egzijan li rele pa I – Estanda Ofisyèl Florid pou Matematik ak Anglè /Kominikasyon Oral/Ekri, Estanda Ofisyèl Eta Florid bay detay klè ak konsistan sou nosyon elèv yo bezwen aprann lekòl. Estanda Ofisyèl sa yo dwe solid ak enpòtan nan mond pratik la, reflekte konesans ak aptitud jèn nou yo bezwen genyen pou reyisi nan etid inivèsité ak karyè pwofesyonèl yo. Pou lòt matyè tankou syans, syans sosyal, sante, atizay ak edikasyon fizik, se Nosyon Fondamantal Debaz Eta Solèy la pou Jenerasyon k ap vini an (NGSSS) ki sèvi pou detèmine nivo kapasite elèv la.

KISA PWEN DAKSÈ ESTANDA OFISYÈL FLORID YO YE?

Pwen Daksè Estanda Ofisyèl Florid yo reflekte konsèp kle Estanda Florid yo avèk nivo kompleksite redui. Yo ekri yo pou asire entansyon esansyèl nosyon yo, pou elèv ki gen anpil difikilte pou aprann, ki aplikab pou tout elèv ki nan menm nivo klas la. Ekip IEP a ap detèmine bezwen pou Pwen Daksè yo. Pwogrè atravè Pwen Daksè nivo klas la ap nan kanè a epi y ap itilize Kòd sou Pèfòmans ak Kòd Estanda yo.

KI DIFERANS KI GENYEN ANT NOUVO KANÈ NOSYON FONDAMANTAL YO AK KANÈ TRADISYONÈL YO?

Nan kanè tradisyonèl yo, elèv yo resevwa yon nòt pou lekti, yon nòt pou matematik, yon nòt pou syans, elatriye. Nan nouvo kanè ki baze sou estanda ofisyèl yo, chak matyè sa yo divize an plizyè sijè ak yon lis divès konpetans ak konesans elèv yo aprann ak metrize. Elèv la resevwa yon nòt apa pou chak estanda. Nòt elèv la resevwa yo montre nivo pwogrè byen detèmine li akonpli nan matyè a pou klas li.

Konpetans elèv la akèri a rapòte separeman, parapò ak efò li fè. Avèk sistèm kanè ki baze sou estanda yo, gen plis objektivite nan fason yo evalye elèv yo parapò ak yon seri estanda ofisyèl fiks pou chak nivo klas. Ansyen sistèm tradisyonèl pou bay pwen ak lèt alfabè gen plis sibjektivite nan fason chak pwofesè ekspriye fason y ap evalye efò ak pwogrè elèv.

KI JAN KANÈ A EVALYE PWOGRE PITIT MWEN AN?

Kanè a ap itilize kat senbòl pèfòmans diferan pou make pwogrè pitit ou ap fè pou satisfè NGSSS Florid la ak estanda ofisyèl debaz Eta a pou Matematik ak Anglè, Kominikasyon Oral/Ekri. Tablo adwat la bay yon espikasyon detaye sa chak senbòl pèfòmans sa yo vle di. Elèv la ap gen yon senbòl pèfòmans pou chak matyè yo pandan chak trimès. Anplis, chak nosyon fondamantal yo ap resevwa yon senbòl dapre jan sa esplik nan tablo adwat la.

KÒD PÈFÒMANS YO

Baze sou pwogrè vize pou satisfè estanda ofisyèl nivo klas yo.

Baze sou pwogrè vize pou satisfè Pwen Daksè estanda ofisyèl nivo klas yo.

EX Trè Byen – Demontre aptitud jeneral apwofondi/devlopman konsèp ki satisfè ak pi souvan depase estanda ofisyèl nivo klas la

PR Satisfèzan – Demontre aptitud/devlopman konsèp ki satisfè estanda ofisyèl nivo klas la

AP Pasab – Demontre aptitud/devlopman konsèp ki se kòmansman pou satisfè estanda ofisyèl nivo klas la

ND Bezwen Devlopman – Demontre aptitud/devlopman konsèp ki vrèman pi ba pase estanda ofisyèl nivo klas la

KOD ESTANDA OFISYÈL YO yo bay pou chak nosyon

X Elèv la satisfè nivo nòmal yo

Domèn kritik

O Pa t evalye nan trimès sa a

Pou plis enfòmasyon sou Estanda Ofisyèl Eta Florid, vizite: www.cpalms.org